



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU RIVERHEAD NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A

Uit pwojè revitalizasyon anba lavil amelyore peyizaj lari ak plas pou rasanbleman piblik yo, ogmante aktivite atistik ak kiltirèl ak ogmante opòtinite lojman ak biznis

Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse uit pwojè transfòmasyonèl nan Vil Riverhead nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Prim yo pral amelyore peyizaj lari yo ak espas piblik yo, elaji aktivite atistik ak kiltirèl, epi ogmante opòtinite lojman ak opòtinite biznis yo.

"Nou pran angajman pou revitalize Long Island, epi investisman sa yo pral kreye yon sant vil ki pi favorab pou pyeton, ki pi dinamik ki pral benefisye jenerasyon Nouyòkè ki rele Riverhead lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo pral amelyore espas piblik yo epi kreye plis opòtinite lojman abòdab, epi administrasyon mwen an pral kontinye bay pwojè transfòmasyon priyorite ki pral ranfòse kominote yo atravè New York yo."

Vil Riverhead ki sitiye nan entèseksyon North ak South Forks nan Ekstremite Lès Long Island; lokal li nan anbouchi Rivyè Peconic la bay aksè ak plaj ak lòt resous natirèl yo. Kontrèman ak kominote ki pi lwen nan lwès yo, Vil la lajman nan zòn riral ak agrikòl e li te vin youn nan rejyon vitikòl k ap pwospere nan eta a. Prim DRI Riverhead yo pral mete envestisman ki deja egziste ak nouvo yo ansanm pou kreye yon kominote ki an sekirite, ak favorab pou pyeton ak pi bon koneksyon nan zòn anba lavil la ak ant anba lavil la ak litoral la.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi Long Island lan epi kreye plis opòtinite. Se Depatman Eta k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè espesifik yo pral finanse atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou amelyorasyon peyizaj lari ak rasanbleman espas piblik; agrandi aktivite atistik ak kiltirèl, epi ogmante opòtinite pou

lojman ak biznis. Envestisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive siplemantè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

Peyizaj lari yo ak espas piblik amelyore yo

Kreye yon New Town Square - Prim DRI: 3,240,000 dola

Konstwi yon nouvo plaza piblik ak espas rasanbleman ki ka fasilite aktivasyon pandan tout ane a epi bay koneksyon aksesib pou pyeton ak panorama apati Main Street la rive nan litoral la.

Amelyore Peconic Park ak yon lakou rekreyasyon adaptatif - Prim DRI: 245,000 dola

Konstwi yon lakou rekreyasyon ak yon espas pak ak yon plan dlo ak aktivite edikatif ki gen rapò ak bò litoral la epi ki itilize enfrastrikti vèt ak konsepsyon pou ede nan efò rezistans anba lavil la.

Amelyore domèn pyeton an sou Main Street la - Prim DRI: 750,000 dola

Enstale eleman konsepsyon pou apezman sikilasyon pou amelyore sekirite pyeton yo sou Main Street la nan de entèseksyon enpòtan yo, ki gen ladan bòdi twotwa ak pasaj pou pyeton ki elve ak siyalizasyon pou pyeton yo. Enstale nouvo pye bwa nan lari ak peyizaj lari.

Bati yon nouvo etablisman aviwon nan Vil la - Prim DRI: 250,000 dola

Konstwi yon etablisman lansman bato kominotè flotan ki aksesib ak ADA nan Rivyè Peconic la ak espas pou manivwe ak lanse bato ekipaj yo epi, si sa posib, sipò pou koste bato ekipaj yo.

Devlope opòtinite atistik ak kiltirèl

Aplike pwogram atistik piblik - Prim DRI: 250,000 dola

Angaje atis lokal yo pou konstwi travay atistik piblik pèmanan nan Anba Lavil Riverhead, sou baz siksè travay atistik kominotè ki egziste deja yo.

Agrandi teyat Suffolk la - Prim DRI: 2,000,000 dola

Agrandi yon sèn teyat istorik ki egziste deja epi ajoute fonksyon sal vèt ak fonksyon aryè sal, ansanm ak yon eleman nan yon devlopman ki pi gwo ak inite rezidansyèl ki gen ladan lojman mendèv.

Konstwi yon nouvo antre ak Sant Akèy pou Bibliyotèk la - Prim DRI: 215,000 dola

Bay yon nouvo antre aksesib ak chemen pou pyeton ak siyalizasyon, ekleraj ak peyizaj epi mete espas enteryè pou yon sant vizitè otonòm ki bay materyèl pwomosyon pou biznis ak evènman Anba Lavil yo.

Ogmante Opòtinite Lojman ak Biznis

Kreye yon devlopman pou itilizasyon mikis nan Griffing Avenue - Prim DRI: 2,750,000 dola

Konstwi yon nouvo devlopman pou itilizasyon mikis ki gen ladan lojman mendèv ak espas pou vann an detay/komèsyal ki kouvri yon estrikti pakin piblik.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Avèk plaj pitoresk, yon sèn atistik ak kiltirèl flworisan ak pozisyon estratejik li nan selebre Rejyon Vitikòl Long Island, anba lavil Riverhead ap redekouvwi ak re-imagine atravè investisman kle ki pwofite resous yo nan kominote a ki egziste deja. Uit nouvo pwojè sa yo konplete amelyorasyon ki deja fèt nan vil k ap grandi sa a lè yo amelyore abilite pou mache ak koneksyon ant anba lavil la ak litoral la, bati espas rasanbleman piblik pou plizyè jenerasyon epi konstwi nouvo devlopman pou itilizasyon mikis pou ogmante opòtinite pou lojman ak biznis, tout sa k ap fè Riverhead yon kote ideyal pou viv, travay ak vizite. Mwen kontan wè enpak pozitif pwojè sa yo pral genyen sou kominote sa a pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè transfòmasyon Riverhead sa yo montre kijan DRI rechaje kominote yo, lè yo kreye aksè ki ranfòse koneksyon. Lè yo rann li pi fasil pou pyeton ak siklis yo deplase, epi avèk Rivyè Peconic lan kòm atraksyon prensipal, kominote Long Island sa a pral atire plis vizitè, biznis ak aktivite ekonomik."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Uit prim jodi a pou Riverhead la pral bati sou byen natirèl vil la epi ede kominote a grandi kòm yon sant atistik ak kiltirèl nan Konte Suffolk. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, New York ap fè investisman estratejik nan minisipalite yo toupatou nan eta a ki lakòz anba vil ki pi dinamik ak favorab pou pyeton ak bon jan kalite opòtinite lojman ak ekonomi lokal ki pi solid."

Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare, "Mwen kontan paske Riverhead te jwenn finansman enpòtan sa a pou redevlopman anba lavil yo a. Finansman sibvansyon enpòtan sa a pral ranfòse devlopman ekonomik nan tout rejyon an, pandan y ap ankouraje yon pi gwo sans kominote ak yon konsantrasyon sou litoral la".

Manm Asanble Jodi Giglio te deklare, "Aplikasyon Riverhead la te vreman eksepsyonèl epi merite seleksyone. Mwen konfyan ke Anba Lavil Riverhead byen pare pou reyamenajman ekonomik transfòmasyon. Mwen angaje pou m ede Riverhead akonpli objektif revitalizasyon anba lavil mityèl nou nenpòt fason mwen kapab".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Nan Suffolk, anba lavil nou yo se sant kominote nou yo, epi pandan ane pase yo, Riverhead te travay di anpil pou revigore distri biznis pa yo ak pote nouvo lavi nan kominote yo. Pwojè transfòmasyon sa yo, ki te rive posib gas ak Gouvènè Hochul, ranfòse efò revitalizasyon kontinyèl nou yo."

Sipèvizè Riverhead la, Yvette Aguiar, te deklare, "Pou plizyè milyon moun atravè lemond, sa a se sezon pou 'kwè'. Mèsi Gouvènè Hochul, paske w 'kwè' nan avni Anba Lavil Riverhead la."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418